

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Budaya literasi mangrupa salah sahiji cara pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca jeung nulis. Di sababaraha sakola di Kota Bandung geus dilarapkeun éta budaya literasi téh di antarana: SMP Negeri 10 Bandung, SMP Negeri 5 Bandung, SMP Negeri 3 Bandung, jeung SMP Negeri 15 Bandung. Ieu hal téh mangrupa upaya anu hadé pikeun siswa dina ngaronjatkeun kamampuh maca jeung nulis. Hal ieu luyu jeung kawijakan Kementrian Pendidikan jeung Kabudayaan Republik Indonésia nomer 23 taun 2015 yén unggal sakola diperedih ngalarapkeun budaya literasi, anu dilaksanakeun 15 menit unggal jam kahiji saacan KBM lumangsung (Direktorat Jendral Pendidikan Dasar dan Menengah Kementrian Pendidikan dan Kebudayaan, dina <http://dikdas.kemendikbud.go.id/index.php/buku-saku-gerakan-literasi-sekola> h/, 2016).

Nurutkeun *Kepala Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa Kemetrian Pendidikan dan Kebudayaan* yén budaya literasi penting dilakukeun, sabab nilik tina hasil panalungtikan *Program for International Student Assessment (PISA)* yén budaya literasi masarakat Indonésia dina taun 2012 aya dina urutan ka-64 tina 65 nagara nu ditalungtik, hartina aya dina urutan kadua panungtung tina sababaraha nagara anu ditalungtikna (Ibrahim, dina <http://badanbahasa.kemdikbud>.

<http://badanbahasa.kemdikbud>.  
[go.id/lamanbahasa/berita/1891/Gerakan%20Literasi%20Bangsa%20untuk%20Me](http://lamanbahasa/berita/1891/Gerakan%20Literasi%20Bangsa%20untuk%20Me)  
[mbentuk%20Budaya%20Literasi](http://lamanbahasa/berita/1891/Gerakan%20Literasi%20Bangsa%20untuk%20Me), 2016).

Abidin (2015, kc. 49) nételakeun yén:

*Kata literasi telah memiliki berbagai makna baru pada abad ke-21, secara tradisional, literasi dipandang sebagai kemampuan membaca dan menulis. Orang yang dapat dikatakan literat dalam pandangan ini adalah orang yang mampu membaca dan menulis atau bebas buta huruf. Pengertian literasi selanjutnya menjadi lebih berkembang menjadi kemampuan membaca, menulis, berbicara dan menyimak.*

Ridwan Sidiq, 2017

**KORÉLASI ANTARA KAMAMPUH MACA JEUNG KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI SISWA KELAS VII SMP NEGERI 10 BANDUNG PIKEUN NGARONJATKEUN BUDAYA LITERASI SUNDA TAUN AJARAN 2016/2017**

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

Jadi, literasi téh nya éta kamampuh maca jeung nulis, ieu pamadegan téh diwewegan ogé ku Yumni (2012) yén “*Literasi atau literer istilah latin dari melek huruf secara fungsional adalah kemampuan seseorang untuk membaca, menulis, berhitung, dan berbicara serta kemampuan mengidentifikasi, mengurai dan memahami suatu masalah.*”

Kegiatan maca jeung nulis téh mangrupa dua komponén tina opat kaparigelan basa nu diwincik di luhur, béda halna jeung nyarita ogé ngaregepkeun. Sabab, antara maca jeung nulis téh raket patalina, ayana kegiatan maca téh sabab aya nu nulis, kitu ogé sabalikna, nulis téh tujuanana pikeun dibaca. Ieu hal diwewegan ku Harjasujana (2010, kc. 4) nétélakeun yén:

*Membaca merupakan interaksi antara pembaca dan penulis. Interaksi tersebut terjadi secara tidak langsung, namun bersifat komunikatif. Komunikasi antara pembaca dan penulis akan semakin baik jika pembaca mempunyai kemampuan yang lebih baik dalam memahami maksud penulisnya.*

Salian ti Harjasujana aya ogé nurutkeun Henry (1986) yén “*Dengan membaca kita bisa menuangkan pikiran kita kedalam tulisan, baik berupa ide atau gagasan, ataupun perasaan kita tentang isi dari bacaan itu.*”

Kegiatan maca anu luhur téh nu bisa maham kana eusi bacaan. Salah sahiji jenis maca nu luhur téh nya éta maca téréh atawa sok disebut *Kecepatan Efektif Membaca* nu satuluyna disingget KÉM. Nurutkeun Harjasujana (2010, kc. 71) yén KÉM téh nya éta “*perpaduan antara kecepatan membaca dengan pemahaman isi bacaan*”.

KÉM ieu lain ngan saukur ngukur téréhna dina maca tapi maham ogé kana eusi bacaanana. Ku kituna, kegiatan KÉM ieu mangrupa hiji kaparigelan basa nu kudu dihontal ku siswa, kitu ogé jeung kaparigelan nulis.

Nulis mangrupa hiji kegiatan ngébréhkeun ide atawa gagasan dina wangun tinulis. Nurutkeun hasil wawancara jeung guru Basa Sunda di SMP Negeri 10 Bandung 21/03/16, nétélakeun yén karya sastra dina wangun tinulis bakal tetep aya jeung dikenang saenyana panulis geus tilar dunya, tapi pangajaran nulis ieu téh hususna di SMP mangrupa salah sahiji pangajaran anu kurang dipikaresep ku siswa, sabab héséna ngébréhkeun ide atawa gagasan kana wangun tinulis, ku

kituna ku sababaraha panalungtik dicindekeun yén maca mangaruhan kana nulis, hartina siswa nu miboga kamampuh macana gédé tangtu bisa nulis.

Aya sababraha faktor nu ngalantarankeun kurangna kaparigelan nulis. Nurutkeun Agustina (2014) yén “*Kurangnya keterampilan menulis disebabkan oleh beberapa faktor, di antaranya: a) kurangnya minat menulis para pelajar; b) kesulitan menuangkan ide; c) malas membaca.*”

Hubungan antara maca jeung nulis raket patalina, ieu hal téh diébréhkeun ogé ku Tarigan (2008, kc. 4) yén:

*Antara menulis dan membaca terdapat hubungan yang sangat erat. Bila kita menuliskan sesuatu, kita pada prinsipnya ingin agar tulisan itu dibaca oleh orang lain; paling sedikit dapat kit abaca sendiri pasa saat lain. Demikianlah, hubungan antara menulis dan membaca pada dasarnya adalah hubungan antara penulis dan pembaca.*

Nilik tina pamadegan di luhur yén maca téh mangaruhan kana nulis, sabab ieu dua hal téh raket patalina. Dina ieu panalungtikan ditalungtik dua kamahéran basa, nya éta maca jeung nulis. Ku kituna, panalungtik méré gambaran ngeunaan kamampuh KÉM jeung kamampuh nulis pangalam pribadi. Ieu dua variabel téh dipatalikeun naha aya korélasi anu signifikan atawa henteu.

Panalungtikan sarupa kieu lain hal nu anyar. Ari sababna, kungsi aya panalungtik nu nalungtik “*Korélasi antara Kamampuh Maca jeung Kamampuh Nulis Karangan Eksposisi Siswa SMP*” (Novianti Indriani, 2002), jeung panalungtikan “*Korélasi antara Minat Maca jeung Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi Siswa Kelas VII SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajaran 2010/2011*” (Rhena Supriatin, 2007).

Najan ampir sarua jeung panalungtikan saméméhna, nya éta medar ngeunaan korélasi maca jeung nulis tapi ieu panalungtikan aya bédana. Dina ieu panalungtikan museur kana kamampuh maca KÉM, lian ti éta kamampuh nulisna nya éta nulis pangalaman pribadi. Béda halna jeung panalungtikan nu ka hiji anu museur kana kamampuh maca pamahaman jeung kamampuh nulisna nya éta dina wangun éksposisi. Anapon bédana jeung panalungtikan nu kadua, nya éta museur kana minat maca ogé kamampuh nulisna dina wangun éksposisi sarua jeung panalungtikan nu ka hiji.

Ku kituna, ieu panalungtikan anu judulna “Korélasi antara Kamampuh Maca jeung Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi Siswa Kelas VII SMP Negeri 10 Bandung pikeun Ngaronjatkeun Budaya Literasi Sunda Taun Ajaran 2016/2017” perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah

### 1.2.1 Identifikasi Masalah

Sabada diidentifikasi masalah-masalah dina ieu panalungtikan ngawengku tilu hal. *Kahiji*, kamampuh maca nu ditalungtik di dieu nya éta KÉM. KÉM patalina antara waktu jeung pamahaman, waktu nu kudu dihontal ku siswa nya éta 140-175 kpm, sedengkeun nilik tina kabiasaan siswa dina maca kaitung kurang, salian ti waktu aya ogé pamahaman kana eusi bacaan. Uji pamahaman kabagi jadi opat bagian, nya éta literal, infensial, apersépsi iasi jeung évaluasi. Éta opat bagian téh kudu kacangking ku siswa, sedengkeun nilik tina pangaweruh kana kecap basa Sunda téh kurang, sabab lolobana basa nu digunakeun di kahirupan sapopoé nya éta basa Indonésia. *Kadua*, ngeunaan kamampuh nulis nya éta aspék linguistik jeung aspék non linguistik. Dina aspék linguistik ngawengku palangeran éjahan basa sunda, diksi (pilihan kecap), basa (struktur basa sunda nu digunakeunana), jeung tanda baca siswa masih heureut pangaweruhna kana kekecapan basa Sunda nu dipakéna. Kitu ogé jeung non linguistik ngeunaan patalina eusi karangan, jeung organisasi eusi . *Nu katilu literasi*, ieu hal téh geus dianjurkeun ku Kementrian Pendidikan jeung Kabudayaan Republik Indonésia pikeun ngalarapkeun budaya literasi nu dilaksanakeun 15 menit unggal jam ka hiji saacan KBM lumangsung, tapi ieu kagiatan téh sok kapopohokeun sabab teu biasa.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun ngagunakeun kalimah pananya ieu di handap:

Ridwan Sidiq, 2017

**KORÉLASI ANTARA KAMAMPUH MACA JEUNG KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI SISWA KELAS VII SMP NEGERI 10 BANDUNG PIKEUN NGARONJATKEUN BUDAYA LITERASI SUNDA TAUN AJARAN 2016/2017**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 1) Kumaha kamampuh éféktif maca siswa kelas VII SMP Negeri 10 Bandung?
- 2) Kumaha kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 10 Bandung?
- 3) Kumaha budaya literasi siswa ditilik tina kamampuh KÉM jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 10 Bandung?
- 4) Naha aya korélasi nu signifikan atawa henteu antara kamampuh maca jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 10 Bandung?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Tujuan tina ieu panalungtikan ngawengku dua tujuan, nya éta: 1) tujuan umum jeung 2) tujuan husus.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Sacara umum ieu panalungtikan téh miboga udagan pikeun maluruh tingkat korélasi antara kamampuh maca jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 10 Bandung pikeun ngaronjatkeun budaya literasi sunda.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus, ieu panalungtikan téh miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh éféktif maca Siswa kelas VII SMP Negeri 10 Bandung;
- 2) kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 10 Bandung;
- 3) budaya literasi siswa ditilik tina kamampuh kecepatan éféktif maca jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 10 Bandung;
- 4) korélasi antara kamampuh maca jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa SMP Negeri 10 Bandung

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Ridwan Sidiq, 2017

*KORÉLASI ANTARA KAMAMPUH MACA JEUNG KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI SISWA KELAS VII SMP NEGERI 10 BANDUNG PIKEUN NGARONJATKEUN BUDAYA LITERASI SUNDA TAUN AJARAN 2016/2017*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku dua aspék, nya éta: 1) mangpaat tioritis jeung 2) mangpaat praktis.

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan élmu pangajaran hususna antara kagiatan maca jeung kagiatan nulis.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun siswa, guru, panalungtik jeung sakola

##### 1) Mangpaat pikeun siswa

Dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi salah sahiji cara pikeun ngamotivasi siswa sangkan bisa ngaronjatkeun budaya literasi nya éta dina nulis jeung maca.

##### 2) Mangpaat pikeun guru

Ku ayana hasil tina ieu panalungtikan, dipiharep bisa jadi pangrojong pikeun para guru Basa Sunda di sakola sangkan ngaronjatkeun kualitas ngajarna, hususna dina ngaronjatkeun kaparigelan maca siswa jeung mekarkeun kaparigelan nulisna.

##### 3) Mangpaat pikeun panalungtik

Ieu panalungtikan bisa méré informasi signifikan-henteuna korélasi antara kamampuh maca jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa SMP Negeri 10 Bandung pikeun ngaronjatkeun budaya literasi sunda Taun Ajaran 2016/2017.

##### 4) Mangpaat pikeun sakola

Hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan tinimbangan pikeun ngaronjatkeun kualitas pangajaran basa jeung sastra di sakola, hususna SMP Negeri 10 Bandung, jeung méré gambaran ka guru-guruna yén kamampuh maca mangrupa salah sahiji cara pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa SMP kelas VII. Lian ti éta kamampuh maca jeung nulis téh mangrupa cara pikeun ngaronjatkeun budaya literasi sunda.

### **1.5 Sistematika Tulisan**

Ridwan Sidiq, 2017

**KORÉLASI ANTARA KAMAMPUH MACA JEUNG KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI SISWA KELAS VII SMP NEGERI 10 BANDUNG PIKEUN NGARONJATKEUN BUDAYA LITERASI SUNDA TAUN AJARAN 2016/2017**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sistematika dina ieu panalungtikan dimimitian ku judul, ngaran jeung kalungguhan tim pangaping, pernyataan ngeunaan kaaslian skripsi, pangajap, catur nuhun, abstrak, daptar eusi, daptar tabél, daptar bagan, daptar grafik, daptar lampiran jeung daptar singgetan.

Dina ieu skripsi ngawengku lima bab.

BAB I Bubuka, eusina nya éta Kasang Tukang, Idéntifikasi Masalah, Rumusan Masalah, Tujuan, Mangpaat, jeung Sistematika Tulisan.

BAB II Ulikan Pustaka, Raraga Mikir jeung Hipotésis.

BAB III Metode Panalungtikan, eusina nya éta Desain, Sumber Data, Instrumén Panalungtikan, Téhnik Ngumpulkeun Data, jeung Analisis Data.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, anu eusina mangrupa hasil analisis jeung déskripsi ngeunaan Korélasi antara Kamampuh Maca jeung Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi Siswa Kelas VII SMP Negeri 10 Bandung.

BAB V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi.